

22 mas 2020

Chè fanmi,

Demen, nou tout ap reyini ansanm pou nou pran premye pa a nan yon kokennchenn misyon nan edikasyon pandan Vil Nouyòk ap lanse aprantisaj adistans pou 1.1 milyon elèv nou yo.

Byenke pa gen youn nan nou ki te ka prevwa, menm kèk semèn avan, ke nou ta pral lanse nouvo tranzisyon dramatik sa a, mwen pa ta ka pi fyè pase sa nan fason edikatè nou yo te reyini ansanm pou yo pare tèt yo pou anseye pitit ou a apati pwòp lakay yo. Epi, mwen pa ta ka gen plis rekonesans pase sa anvè nou tout pou konfyans nou mete nan edikatè nou yo, ak tout estaf DOE nou yo k ap travay.

Se pa yon bagay ki pral fèt avèk pèfeksyon. Pa gen anyen ki ka janm ranplase yon pwofesè ki gen talan nan yon salklas. Nou konnen difikilte ak inegalite elèv nou yo ap fè fas. Men, pandan semèn ki sot pase a mwen te wè 150,000 anplwaye DOE leve defi sa a nan fason ki ekstraòdinè. Yo merite konfyans ou gen nan yo a epi yo travay pou sa.

Bagay chanje rapidman depi Majistra de Blasio ak mwen te pran desizyon trè difisil sa a, sa gen yon semèn, pou bilding lekòl yo ta fèmen pou enstriksyon elèv jiska omwen 20 avril. Edikatè nan tout vil la te kreye yon kourikoulòm pou aprantisaj adistans nan espas kèk jou. Chak lekòl gen kapasite yon platfòm sou entènèt. Nou devlope ak afiche resous aprantisaj, ki gen ladan resous pou edikasyon espesyal ak pou elèv k ap aprann nan plizyè lang, sou sitwèb nou an—epi gen yon pakèt resous ankò nou gen pou mete.

Tout enfòmasyon ki enpòtan ou bezwen sou kòman pou angaje w nan aprantisaj adistans lan sou entènèt nan sitwèb nou an schools.nyc.gov—tanpri ale ladan souvan pou jwenn dènye enfòmasyon an. Epi tanpri tcheke avèk pwofesè ou yo ak direktè lekòl ou yo si ou gen kesyon: menm jan yo te ye avan semèn pase a, y ap toujou kontinye sèvi kom gid ou pou enstriksyon ak angajman (adistans sou entenet) pandan moman sa yo nou potko janm viv avan an. Ban m pataje kèk enfòmasyon pi enpotan ki la a pou nou kenbe nan tèt nou pou semèn sa a:

- Aprantisaj adistans: Chak lekòl gen pwòp platfòm li sou entènèt, kote anpil lekòl ap itilize Google Classroom. Edikatè yo te kontakte kominote lekòl yo pou fè w konnen ki zouti aprantisaj adistans lekòl pitit ou a pral itilize.
 - Ou ka jwenn ransèyman nan kont DOE elèv la ak kòman pou kòmanse nan schools.nyc.gov/learnathome.
 - Si ou gen lòt pwoblèm pou konekte, kontakte lekòl ou a dirèkteman pa imèl. Zouti sou entènèt Find a School la ka ede w jwenn enfòmasyon pou kontakte lekòl ou a tou, si ou pa deja genyen li: schools.nyc.gov/find-a-school.
- Aparèy elektwonik: Si pitit ou bezwen yon aparèy pou patisipe nan aprantisaj adistans lan, epi ou poko ranpli yon fòm demann pou aparèy la, tanpri ale sou

coronavirus.schools.nyc.gov/RemoteLearningDevices. N ap ede ou jwenn yon aparèy ki gen koneksyon entènèt.

- Anpil nan nou te deja resevwa yon aparèy sou prè nan lekòl ou a. Si ou pat resevwa yon aparèy epi ou toujou bezwen youn, tanpri ranpli sondaj la epi DOE ap kontakte ou.
- Elèv ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP): Si yo rekòmande elèv ou a pou ko-ansèyman entegre, klas espesyal, oswa sèvis sipò pwofesè edikasyon espesyal, lekòl ou a ap fè tout efò pou fè aranjman pou li kontinye resevwa enstriksyon nan men menm pwofesè edikasyon espesyal ak parapwofesyonèl salklas ki anseye li anjeneral la. Yon moun nan lekòl ou a ap kontakte ou pou pale sou fason y ap bay enstriksyon an.
 - Reyinyon IEP pitit ou a ap toujou fèt; yo pral fè reyinyon IEP yo pa telefòn. Pou fè yon rekomandasyon pou premye evalyasyon oswa re-evalyasyon, ou ka imèl direktè lekòl ou a oswa specialeducation@schools.nyc.gov, oswa rele 311.
 - Pou plis enfòmasyon sou aprantsaj adistans pou elèv ki gen IEP, tanpri ale sou schools.nyc.gov/learnathome.
- Manje gratis: Nou pral kontinye ofri manje gratis nan semèn k ap vini yo nan plis pase 400 lokal atravè vil la. Sant manje yo ap fonksyone Lendi jiska Vandredi depi 7:30 a.m. jiska 1:30 p.m., epi nenpòt elèv ki gen nenpòt laj ka jwenn 3 repa chak jou. Ale sou schools.nyc.gov/freemeals pou jwenn yon lokal ki bò lakay ou.
- Sant rejyonal pou ranfòsman: Lendi 23 mas, Vil la pral ouvri Sant rejyonal pou ranfòsman (Regional Enrichment Centers, REC) yo pou timoun travayè an premye plan yo nan lit kont COVID-19 la — ki gen ladan premye sekouris ak travayè swen sante yo. Si ou kwè pitit ou ka elijib pou ale nan yon REC, tanpri ale nan schools.nyc.gov/recs.
- Enskripsyon ak sipò pou jwenn yon plas: Anplwaye Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Centers, FWC) yo disponib pa imèl, epi yo prepare pou ede avèk enskripsyon ak plas pou nouvo admisyonyon, kesyon alantou admisyon, enfòmasyon sou òf, ak lisdatant. Yo pa jere enskripsyon nan REC.
 - Tanpri sonje FWC yo ap trete yon pakèt kantite kesyon nan moman sa a an koneksyon avèk lèt òf admisyon nan lekòl segondè yo fèk pibliye yo. Nou mande w pou pran pasyans, epi nou swete reponn tout demann nan 48 èdtan. Men kijan pou resevwa sipò dirèk sou sijè sa yo:
 - Bronx: bronxfwc@schools.nyc.gov
 - Brooklyn: brooklynfwc@schools.nyc.gov
 - Manhattan: manhattanfwc@schools.nyc.gov
 - Queens: queensfwc@schools.nyc.gov

- Staten Island: statenislandfwc@schools.nyc.gov

Paran ka rele tou 311 epi di “Schools” (lekòl) pou yo pase w yon moun ki ka ede w avèk kesyon ki gen rapò avèk lekòl.

Si ou bezwen èd avèk yon pwoblèm ki pa ka rezoud nan nivo lekòl la oswa si ou ta vle rapòte yon plent, tanpri kontakte biwo sipèntandan distri w la. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou kontakte ekip sipò distri ou la a: schools.nyc.gov/about-us/leadership/district-leadership. Si ou pa konnen distri kote lekòl pitit ou ye a, tanpri itilize zouti Find A School la: schools.nyc.gov/find-a-school.

Asireman nou pral bite nan wout la pandan nou tout ap ajiste nou avèk nouvo reyalite sa a, epi mwen vle di ou mèsi pou pasyans nou pral mande w pandan n ap anbake nan transfòmasyon sa a ansanm.

Nan jis kèk èdtan, nou tout pral fè yon janbe byen long ansanm nan teritwa enkonni. Nou pral gen siksè si nou kontinye travay ansanm kòm yon kominote fanmi, edikatè, ak anlwaye. Nou tout pataje de objektif esansyèl: yon edikasyon kalite siperyè pou chak grenn nan 1.1 milyon elèv nou yo, ak pwoteje sante ak byennèt tout moun nan kominote lekòl nou yo.

Sa vle di ke edikasyon piblik nan Vil Nouyòk pral parèt diferan anpil pou pwochen avni an. Men, ansanm, nou pral trase chemen pou suiv sa, epi mwen pa gen okenn dout nan yon tan nou pral gade dèyè epi di tèt nou ke se te pi bon moman nou: lè nou konfwonte gwo difil kite sa a ak simonte l, nan inite, avèk fòs ak angajman nou pataje.

Vil Nouyòk gen elèv ak anlwaye ki pi konsekan nan mond lan, epi pa gen anyen k ap janm chanje sa—jodi a, demen, ni pou tout tan. Mwen kontan anpil pou mwen sou wout sa a avèk ou. Ansanm, mwen gen konfyans nou pral aprann ak grandi avèk potansyèl san limit.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk